



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou piblikasyon imedyat: 11 jiyè 2013

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE EMPIRE VISUAL EFFECTS AK DAEMEN COLLEGE PRAL POTE VISUAL EFFECTS/POST-PRODUCTION HUB AK 150 NOUVO DJÒB NAN BUFFALO

Pwojè a pral dènye investisman Buffalo Billion

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse, avèk pwojè Buffalo Billion, yo pral kreye yon nouvo konpayi pòs-pwodiksyon, efè vizyèl ak animasyon nan Tri-Main Center ki enpòtan nan Buffalo. Empire Visual Effects, ki pral asosye avèk Daemen College, pwomèt pou kreye 150 nouvo djòb nan efè vizyèl ak lòt pòs-pwodiksyon nan senk ane – djòb ki pral louvri chemen pou kreyasyon yon nouvo endistri pòs-pwodiksyon ak efè vizyèl nan Western New York. Eta New York te bay konpayi an ak Daemen College yon sibvansyon kapital \$4,5 milyon dola pou fasilite pwojè a.

Pwojè a jwenn sipò tou nan plizyè pyès lejislasyon Gouvènè Cuomo t ap defann ak siyen an lwa nan dènye a ane ki te ranfòse prim ankourajman yo pou atire aktivite sinema pòs-pwodiksyon ak aktivite televizyon nan eta a. Nouvo lwa yo la pou ede atire travay pòs-pwodiksyon nan kominote yo, sitou nan Pati Nò New York.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Nou kontan pou akeyi Empire Visual Effects nan Vil Buffalo pandan y ap plante rasin yo nan Pati Nò New York. Kreyasyon Empire Visual Effects se yon prèv ki montre bon jan posiblite pou transfòme Pati Nò ak Western New York an yon gwo kote pou gen sinema, animasyon ak pòs-pwodiksyon pou endistri a. Mwen gen konfyans elan an, ki asosye avèk angajman nou pou Buffalo Billion, pral bay menm plis investisman ak pwojè pou rejyon sa a. Sa ap vle di plis djòb teknik avanse ki peye byen pou Nouyòkè yo nan yon domèn enteresan.”

Marcelo Gandola, Ko-Prezidan Post New York Alliance, konseye pou Empire State Visual Effects, di konsa, “Mwen vle di mèsi pou Gouvènè Cuomo ak ekip enteresan li, ki angaje pou sipòte yon anviwònman opòtinite ki kreye djòb nan gwo eta sa a. Sa a se yon gwo jou pou Pati Nò ak Pati Sid New York, epi endistri pwodiksyon sinema ak pòs-pwodiksyon televizyon kòm yon ansanm. Mwen di mèsi pou Daemen College ki te fè premye etap la nan kreye pyès edikasyon enpòtan ki gen siksè sa a. Ben Porcari, Jonathan Hoffman ak Pete Conlin kreye sa mwen panse k ap yon estanda pou endistri VFX/pòs-pwodiksyon. Eta New York, Post New York Alliance, epi endistri sinema ak televizyon ta dwe fyè pou sa ki reyalize isit la. Mwen kontan pou patisipe nan pwojè sa a epi mwen konnen m ap retounen nan siksè antrepriz sa a ak moman enpòtan sa a.”

Haitian Creole

Yana Collins Lehman, Ko-Prezidan Post New York Alliance, ak Patnè Jesyon nan Trevanna Post, di konsa, “Post New York Alliance di mèsè epi nou gen rekonesans pou Gouvènè Cuomo, ki gen angajman pou retire baryè pou kreyasyon djòb ki rezoud. Manm PNYA IBC Digital, Daemon College ak Sixteen19 reyalize yon bon jan vizyon pou Eta New York ak pou endistri Pòs-Pwodiksyon an. Fòmasyon etidyan yo nan domèn Efè Vizyèl nan Western New York, olye nou depannde vandè peyi etranje, se te yon rèv Post Alliance- epi rèv sa a vin yon reyalyte jodi a. Mwen gen anpil rekonesans pou ko-prezidan PNYA, Marcelo Gandola, ki toujou wè gwo imaj epi ki gen ideyalis ak detèminasyon ki responsab sitou pou pwojè sa a. Empire State Visual Effects se sèlman kòmansman sa ki posib lè gouvènman eta nou asosye avèk edikasyon ak endistri prive a. Se yon gwo jou pou nou tout.”

Finansman sibvansyon an ap bay Sant Entènasyonal pou Ekselans nan Animasyon (International Center for Excellence in Animation – ICEA) Daemen College tou nouvo zouti teknoloji enpòtan pou yon Pwogram Sètifika Efè Vizyèl. Pwogram nan pral fasilite fòmasyon an pou etidyan ki nan Buffalo ak Western New York yo pral anboche nan nouvo konpayi pòs-pwodiksyon/animasyon.

Prezidan Daemen, Gary A. Olson, di konsa, “Daemen College ak Sant Entènasyonal pou Ekselans nan Animasyon li t ap travay pandan plis pase yon ane avèk Empire State Development ak Marcelo Gandola pou kreye patenarya enteresan edikasyon avanse sa a avèk endistri efè vizyèl la. Gras ak vizyon Gouvènè Cuomo ak ekip Empire State Development li a nan Buffalo ak Vil New York, Daemen ak patnè sektè prive li yo sou bon wout yo pou kreye nouvo opòtinite travay ki peye byen isit la nan Western New York, pou jèn moun ki vle antre nan sektè animasyon k ap devlope nan ekonomi nasyonal la.”

Y ap itilize finansman prim ankourajman Buffalo Billion pou bay espas pou bati; òdinatè espesyal an rezon entènèt gran vitès; koneksyon sipè-òdinatè; ak lòt sistèm enèji ki espesifik pou egzijans nouvo konpayi yo nan kreyasyon yon platfòm pòs-pwodiksyon/animasyon dènye modèl nan Tri-Main Center. Finansman an pral pèmèt Daemen College kreye enfrastruktir teknoloji tou ki obligatwa pou fòmasyon elèv li yo nan Sètifika Efè Vizyèl.

Chanselye SUNY, Nancy Zimpher, di konsa, “Kolèj kominotè SUNY yo pral bay fòmasyon enpòtan pou mendèv la ki nesèsè pou reyalize objektif Pwojè Buffalo Billion Gouvènè Cuomo epi kreye sant endistriyèl Western New York bezwen. Patenarya kolèj ak inivèsite New York yo avèk kominote biznis lan, ansanm tankou nan estaj ak edikasyon pou eksperyans, se pi bon fason pou sipòte nouvo aktivite ekonomik epi pou bay pi bon opòtinite pou etidyan nou yo.”

Nan patenarya Empire Visual Effects avèk Daemen College ak yon rezon kolèj kominotè, tankou Erie Community College ak Niagara County Community College, toupatou nan eta a, l ap jwenn yon gwoup etab etidyan kalifye ki pare pou leve defi endistri efè vizyèl epòk modèn nan. Daemen College pral devlope yon sant fòmasyon efè vizyèl klas mondyal, k ap gen tout lojisye, ekipman, òdinatè ak enfrastruktir akedik ki nesèsè pou fòmè mendèv la ak entèfas avèk endistri a. Kolèj la devlope tou epi l ap grandi yon pwogram fòmasyon efè vizyèl pandan 16 semèn k ap fòmè plis pase 60 etidyan chak ane. Etidyan sa yo ap pare pou ale dirèkteman nan djòb nan Empire Visual Effects ak nan lòt san pòs-pwodiksyon toupatou nan eta a.

Haitian Creole

Objektif Empire Visual Effects annamoni tou avèk refòm ekonomik Gouvènè Cuomo nan fòmasyon mendèv la pou djòb ki genyen yo. Fòmasyon mendèv New York la nan yon diferan epòk epi yon pwogram fòmasyon jenerik pou jwenn djòb pa adapte avèk ekonomi jodi a. Bidjè yo adopte pou ane 2013-2014 la pran avantaj sou opòtinite pou apeprè 210.000 djòb ki poko gen moun ladan yo nan eta a lè li ajoute \$5 milyon dola pou Pwogram Next Generation Job Linkage (Koneksyon Djòb avèk Pwochen Jenerasyon) k ap travay avèk patwon yo pou idantifye djòb la, defini ladrès la epi bay fòmasyon an pou li.

Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal New York ak Prezidan University at Buffalo Satish K. Tripathi, di konsa, “Asosyasyon pwen fò sistèm edikasyon avanse ak yon nouvo konpayi inovatè nan yon domèn enteresan Gouvènè Cuomo sipòte se yon gayan-gayan pou Western New York. Gen yon ti kantite eta ki ofri yon kredi travay pòs-pwodiksyon epi New York ki ofri youn ladan yo ap ankouraje biznis nan nouvo estidyo sa a. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo poutèt li fè kèk investisman entèlijan ki atire biznis, kreye djòb, epi kreye aktivite ekonomik.”

Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Western New York (Western New York Regional Economic Development Council) ak Patnè Jesyon, Howard A. Zemsky, di konsa, “Empire Visual Effects pran avantaj nan estrateji pou pwosperite Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Western New York ak Plan devlopman Investisman Buffalo Billion prepare, tankou inovasyon, devlopman mendèv, kwasans entèlijan ak opòtinite djòb pou jèn adilt yo. Siksè pwogram pòs-pwodiksyon avanse Gouvènè Cuomo te ede pote pwojè sa a nan reyalye epi l ap pèmèt li gen siksè.”

Prezidan Buffalo Niagara Enterprise, Thomas Kucharski, di konsa, “Empire Visual Effects se egzakteman kalite edikasyon avanse/pwogram sektè prive inovatè ki kapab vin transfòme rejyon nou an, epi nou kontan anpil pou akeyi nouvo biznis sa a nan Buffalo Niagara. Nou espere travay avèk yo, Daemen College, ak kamarad nou yo nan ESD pou ede konpayi an satisfè objektif devlopman li nan yon nouvo endistri epi kreye nouvo djòb nan kominote nou an.”

Senatè Patrick Gallivan (R, C, IP-59), di konsa, “Avni ekonomi Western New York depannde kreyasyon ak atraksyon nouvo djòb ak nouvo endistri nan rejyon nou an. Menmsi kominote nou an te toujou kay pou achitekti klas mondyal ak bèl espas, pati nò New York te pèdi nan pwojè sinema pou reyalye pwofi, epi djòb y ap pote avèk yo paske nou te manke zouti ekonomik ak pwofesyonèl pou fè konpetisyon avèk eta ki toupre nou yo. Kreyasyon yon konpayi pòs-pwodiksyon, efè vizyèl ak animasyon nan Vil Buffalo, ki melanje avèk kredi taks nan pwodiksyon sinema amelyore yo pibliye ane sa a, pral mete Western New York nan pozisyon pou vin yon premye eta pou pwodiksyon imaj an mouvman.”

Senatè Mark Grisanti di konsa, “Youn nan objektif nou yo kòm yon eta se pou kreye nouvo djòb epi ede sitwayen New York yo devlope karyè k ap pèmèt yo rete isit la ak edike yon fanmi olye yo ale lòt kote. Empire Visual Effects pral ede atire djòb teknik avanse epi l ap ede bay Daemen College avèk yon lòt zouti mache pou anboche plis etidyan nan lekòl la. Lajan sibvansyon yo bay pou Empire Visual Effects pral ede kreye apeprè 50 nouvo djòb chak ane sou yon peryòd tan twazan, yon gwo pwofi sou investisman pou kontribiyab Eta New York, sitou moun k ap viv nan Western New York.”

Haitian Creole

Manm Asanble Crystal Peoples-Stokes di konsa, “Vil Buffalo rich avèk yon miryad atis kreyatif ki gen talan, anpil ladan yo mwen swete ap pran avantaj nan opòtinite a pou montre kapasite yo. Mwen ta renmen di mèsè pou Daemen College, Empire Visual Effects, ak ekip Gouvènè a pou vizyon ak faktè pou kreye 150 nouvo djòb isit la. Kreyasyon yon endistri dènve modèl pandan l ap devlope klas kreyatif nou ap kontinye sèlman fè Western New York vanse.”

Endistri amizman an se yon gwo eleman pou ekonomi Etazini ak Eta New York. Endistri imaj an mouvman ak televizyon responsab pou 91.608 djòb dirèk ak \$8,2 milyon dola nan salè nan New York, ansanm avèk djòb nan pwodiksyon ak djòb ki asosye nan pwodiksyon. Tandans ki la kounye a pou dènve sèt ane yo sèke bidjè pòs-pwodiksyon sinema ap ogmante anpil akòz demann pou efè vizyèl.

Rick Cotton, Vis-Prezidan Egzekitif, Konseye Jeneral, NBCUniversal, di konsa, “Lè nou mete anplas yon pwosesis pou fòme travayè pati nò eta a nan boza efè vizyèl, epi answit pou bay yo yon kote pou travay apre gradyasyon, pwogram sa a pral ede fè rejyon pati nò a eta a vin yon kote pou travay pòs-pwodiksyon. Nou wè sa kòm panse alontèm ki bon sou pi bon fason pou kreye djòb ki peye byen nan Eta New York. Se yon lòt efè ki trè pozitif tou nan amelyorasyon Gouvènè Cuomo te fè nan pwodiksyon eta a ak nan pwogram kredi fiskal pòs-pwodiksyon.”

Gouvènè Cuomo te siyen nouvo lwa sou sinema ak kredi nan taks nan mwa jiyè 2012. Lwa sa a te sipòte kredi ki disponib pou apre pwodiksyon film pou ogmante li ant 10% ak 30% nan rejyon transpò metwopoliten New York, tankou Vil New York ak konte Dutchess, konte Nassau, konte Orange, Putnam, Rockland, Suffolk ak Westchester. Pou travay apre pwodiksyon nan Pati Nò New York, yo te mete 35% nan kredi fiskal yo disponib pou ankouraje envestisman sipleman ak konstwiksyon nouvo sant nan rejyon an. Answit, nan mwa avril 2013, Gouvènè a te siyen nouvo lejislasyon pou ogmante ak amelyore pwogram nan, tankou ogmantasyon finansman an jouk nan ane 2019, epi pou bese limit yo pou VFX ak Animasyon ant 75% ak 20% bidjè total VFX/Animasyon oswa \$3 milyon dola (kèlkeswa sa ki pi piti a). Sa ki te ajoute tou se yon lòt kredi 10% sou mendèv kalifye k ap kòmanse nan ane 2015 pou pwodiksyon filmaj oswa afichaj, ki vle di pwodiksyon yo pral kapab ogmante a 45% kredi taks sou depans pou mendèv yo fè nan Eta a.

Travay pòs-pwodiksyon gen ladan tout edisyon apre filmaj la fini, epitou li gen ladan efè vizyèl, koreksyon koulè, edisyon son ak miksaj. Endistri a gen ladan tou anpil milye lòt djòb, depi nan enjenyè ak mesaje pou rive nan ekip kreyasyon ak sipò. Nouvo lwa ranfòsman an te deziyen pou ogmante sipò eta a lè li konsantre sitou sou atire travay apre pwodiksyon nan kominote ki nan tout kwen eta a. Nan yon moman lè lòt eta yo gen ogmantasyon nan pwodiksyon, kredi ranfòsman New York ap sipòte yon gwoup endistri solid ki vin yon sous prensipal travay dirèk ak travay endirèk ak opòtinite ekonomik pou anpil santèn milye moun.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram prim ankourajman film ak pwodiksyon, ale nan sitwèb: <http://www.nylovesfilm.com/tax.asp>.

Enfòmasyon sou Estrateji Investisman Buffalo

Avèk angajman Gouvènè Cuomo pran pou envesti \$1 milya dola nan ekonomi zòn Buffalo, ki deziyen pou sipòte pi gwo investisman prive enpòtan, epi pou kreye anpil milye nouvo djòb dirab, Eta New York ap ede zòn Buffalo reyalize kwasans ekonomik imedyat pou mete “jenerasyon kounye a” nan travay ankò pandan l ap prepare baz pou opòtinite ekonomik dirab pou pwochen jenerasyon yo.

Konsèy Devlopman Ekonomik Western New York (WNYREDC) – yon gayan rekonpans plan devlopman ekonomik prensipal – pral jwe yon wòl enpòtan nan fason yo itilize finansman an pou sipòte agrandisman konpayi lokal yo, ak fason pou sibler atraksyon nouvo biznis toupatou nan peyi a ak toupatou nan lemonn pou vini nan Buffalo. Biznis sa yo ap ka asosye nan kèk fason avèk gwoup endistri WNYREDC idantifye nan plan estratejik li, ki gen ladan, manifakti avanse, tretman agrikòl/manje, lojistik bi-nasyonal ak distribisyon, enèji, syans lavi/aparèy medikal, sèvis pwofesyonèl.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou chak konsèy rejyonal ak sou plan devlopman ekonomik yo, ale sou Entènèt nan sitwèb www.regionalcouncils.ny.gov. Pou jwenn enfòmasyon sou fason New York Tounèf (New New York) la ap travay pou biznis yo, tanpri ale sou sitwèb www.thenewny.com.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418